Gran Konkeran Pwisan An

Bonjou, a noumenm. Yon trè "Jwaye Pak" pou nou chak! Sa se youn nan pi gran jou yo, pou komemorasyon rezirèksyon Seyè nou an. Se youn nan pi gran jou nan tout listwa mond lan. Se rezirèksyon an. E nou tèlman kontan pou nou isi a, maten an, nan gran jou sa. Epi pou wè solèy la leve, ak flè yo ki ap leve sot nan tè a, tout bagay pale de Pak.

E kounye a annou koube tèt nou jis yon moman.

2 Papa Bondye, nou vini nan Prezans Ou. E n ap tann pou W ban nou, maten an, jis yon ti benediksyon anplis ki sot nan Syèl la, yon ti touche Pak la nan pwòp nanm nou; pou ke, lè nou kite isi a, nou ka di, tankou sa yo ki te soti Emayis: "Èske kè nou pat boule anndan nou, poutèt Prezans Li?" Paske, nou mande l nan Non Li, e pou glwa Li. Amèn.

3 Nan dènye liv la, chapit 28 Levanjil Sen Matye a, ak vèsè 7 la, mwen swete li pou yon tèks, pandan nou antre nan sèvis sa.

Epi prese ale, epi di disip li yo ke li leve soti vivan nan lanmò; epi, gade, li gen tan pran devan nou nan peyi Galile; se la nou *va wè l: gade, mwen di nou sa.*

4 Te gen anpil gwo komisyon ke yo te bay lòm ak pèp yo sou tè sa a. Men pa t janm gen yon komisyon enpòtan konsa ki te bay tankou sila a, "Ale di disip Li yo ke Li leve soti vivan nan lanmò." Sa se yon gwo komisyon. E sèl fason sa te ka bay, se te paske te dwe gen yon gwo viktwa, an premye.

5 Te gen lòm nan jou pa nou yo, ak nan jou pase yo, ak nan gran listwa mond sa a, nan gwo, chan batay laj li yo; te gen anpil gran konkeran, anpil gwo bagay ki te fèt pou ras imen an.

6 Pa egzanp, m t ap panse, pandan m t ap vin isit la maten an, m te leve bonè, epi m pat gen yon chans pou m etidye anpil. Paske, m pa t konnen jis ki pati, yè swa, nou t ap genyen jodi a, ant pastè a avè m, nan sèvis yo. Men sou wout mwen, m te rive panse a kisa, maten an, ki ta pi bon ke m konnen pou m di pèp Li a, pou pote yon mesaj. M te panse a sa: "Ale di disip Li yo." Kounye a, *disip* Li yo se " moun ki swiv Li yo." Yon *disip* se "yon moun k ap swiv." E m te panse a sijè sa, de, *Gran Konkeran Pwisan An*.

7 E nan panse a konbyen gwo konkeran nou te genyen nan mond sa, e ki gwo bagay yo te fè pou fè avanse epi amelyore fason imen yo viv. Mwen t ap panse a gran Napoleon an, anvan nan epòk li, kijan li pat egzakteman yon Fransè, men li te gen yon bagay nan lespri l. Premyèman, li—li te meprize Lafrans, li pa t renmen l. Li soti nan zile yo. Men li te gen yon lide nan lespri l, ke, yon jou ke li t ap konkeri. E rezon ki fè li te gen sa yo nan lespri l, li te dwe gen yon bagay pou l travay sou li.

8 Pou chak nonm, anvan ou ka fè yon travay, ou dwe gen yon motif, yon chwa, yon bagay ke w ap travay sou li, yon rezon pou w travay, yon bagay pou travay avè l.

9 E jan nou tout konnen, nan pran istwa Hitler . . . oswa, pa pa Hitler a, men pa—pa Napoleon an, ke li te travay selon lalin lan, epi selon chanjman nan zetwal yo. Li te travay fason sa, e li t ap tann sa; paske yon fwa li te fè sa, e li te genyen yon viktwa. E li te vin an Frans, e li te vin yon gran gèrye. Li te touye anpil moun, paske yo pat dakò avè l. E li te netwaye tout peyi l, de tout bagay ki te kont li. Li te jis efase l nèt, paske li te dwe genyen l fason sa. Si l pat genyen l fason sa, t ap gen yon bagay kont li tout tan, ak gwo plan li ke l te gen nan lespri l. Pwòp lavi pa l t ap an danje, kifè li te dwe genyen tout wayòm li an jis pafè jan l te ka genyen l.

10 M ap panse kounye a ke n ap swiv mwen nan sa, ak gran Konkeran ke m panse a. Tout bagay nan Wayòm Li dwe pou Li. Kè a, nanm lan, ak kò a, dwe pou Li. Pa ka gen anyen kont Li. Nenpòt bagay ki te kont Li, Li dwe mete l sou kote. Li dwe absoliman gen tout bagay pou Li. E lè . . .

11 Napoleon, li te pran zam, kanon, fizi, miskè, epe. E li te pati ak sèl panse sa, ke li t ap konkeri lemonn. E li te pratikman fè sa, a laj tranntwazan. Lè l te yon jèn gason, li te yon entèdiksyonis. E gwo repitasyon li te fè li sitèlman bay tèt li valè; e sa te aji sou nè l yo, jouk li te mouri a laj tranntwazan, yon tafyatè. Popilarite li, li pat ka sipòte l. E m panse a yon nonm, ki nan sa, a laj tranntwazan, te konkeri lemonn e li te mouri yon tafyatè, poutèt repitasyon li, e li te pèdi prensip menm ke l t ap goumen pou li a. Li te—li te jan de tip la, oswa, pa yon tip, mwen ta di, men li te enstriman dyab la. Epi li t ap eseye konkeri lemonn, e li te echwe, a tranntwazan.

12 Men, o, gran, pwisan Gèrye sa ke m ap pale de Li a, a laj tranntwazan, te konkeri tout bagay ki te sou tè a ak nan—nan lanfè. A laj tranntwazan, yon gran Konkeran pwisan!

13 M ap panse a gwo batay yo ki te fèt sou chan batay la. Nou konnen, pou fini ak Napoleon, ke li rive nan fen l nan Waterloo. Se te privilèj mwen, sa pa fè lontan, pou m gade imitasyon ki te fèt ak debri charyo l yo, ak pa kavalye yo ak pa mesye yo, sou kijan yo te blayi sou chan batay la. Epi charyo yo te anpile, wou yo kase, la, drèt nan plèn yo, kote ekspozisyon sa a ap fèt la.

14 E ala yon kontras sa ye: pou remake nonm sa a tranntwa zan, ak lawont k ap lonje la pou komemore gwo batay ak viktwa li a; epi apre pou ale Jerizalèm, epi gade yon tonm vid, kòm yon souvni pou gran Konkeran pwisan an.

15 Yon fason oswa yon lòt, gen yon bagay nan konkeri. Si nou gen yon bagay n ap goumen pou li, si gen yon maladi nan kò nou, e n ap goumen ant lanmò ak lavi, ala yon viktwa sa ye lè nou wè li konkeri. Si n ap lite kont yon gwo abitid, oubyen yon gwo

bagay k ap asayi nou, lè finalman gwo drapo yo ap flote epi nou konkeri li; ala yon santiman li ban nou, anndan nou, paske nou ka yon venkè lè sa a.

16 Kounye a m ap panse a dènye gè a, e kijan ke lè Hitler te pran Vasovi. E Alman yo te panse ke sa se te youn nan pi gran viktwa ki te ka genyen, paske gran kapitèn an chèf yo a, Adolf Hitler, te koule tout bagay nan Vasovi imedyatman, te kraze pon yo, epi gwo pon an te tonbe. Jounal yo te pibliye gwo foto pon an ki t ap tonbe. Alman yo te mache nan lari a, epi yo te frape tanbou epi yo te kònen siflèt, epi dè milye avyon te pase bò kote l, antan l te ranpòte premye gran viktwa li. Pati tankou yon Aleksann Le Gran, oswa yon Napoleon, pou konkeri mond lan, men ki kote l te fini? Nan lawont. Sètènman, li te fè l.

17 Mwen ka sonje lè yo te bati gran Wout Bimani an. Dwe gen. . . si yo te travèse mòn lan. Kèk nan mesye yo ki chita isi a maten an, petèt, te travèse gran wout sa a. Ala yon travay sa te ye! Konbyen vrè travay sa te pran, e ala yon vrè travay yo te fè! E konbyen lajan sa te koute pou konstwi Wout Bimani sa, milyon dola yo! Gason yo ki te pèdi lavi yo, antan yo t ap konstwi sa! Men finalman, e apre yon moman, lè dènye kilomèt wout la te fin fèt, epi lè yo te fin fè wout la, konbyen moun ki t ap rele kri viktwa! Yo te gen yon wout ke yo te ka travèse mòn yo avèk li, pou genyen laviktwa.

18 M ap panse a yon lòt wout, ke yon jou li te koute lavi Seyè beni nou an. Se pa t yon wout sèlman sou tè a, men se te yon gran wout yo rele "wout sentete a," kote sa ki enpi a p ap pase, men sèlman sa yo ki make. Sèlman sila yo ki sou bò kote L ye a, va pase sou gran wout sa a.

19 Yo te genyen gwo viktwa. Anpil nan nou jodi a ka byen sonje Premye Gè Mondyal la. Mwen sonje lè m te jis yon ti gason, mwen ka tande siflèt yo k ap soufle; e menm fèmye yo, nan chan an, te rete chwal yo, epi te balanse chapo yo. Yo te kriye byen fò. Yo te rele. Kisa k te rive? Lagè a te fini. Viktwa a te ranpòte. Gwo ekonomi ke nou t ap goumen pou li a, finalman nou te genyen viktwa a.

20 M ap panse a dènye gè mondyal sa a. Mwen te abite jis lòt bò lari a. E lè siflèt yo kòmanse soufle, moun yo kouri nan lakou yo; fanm ak tabliye yo sou yo, te retire yo, epi balanse yo anlè. Bal yo t ap vole nan pye bwa yo. Siflèt yo t ap soufle. Machin yo t ap kouri nan lari yo. Moun yo te tonbe sou jenou yo, epi te leve men yo anlè. Yo te rele byen fò. Yo te kriye. Poukisa? Paske lagè a te fini. E byenneme yo, chè ti gason yo ki te lòtbò lanmè a, ta pral navige byento tounen lakay yo ankò pou vin jwenn yo. Ala yon viktwa! Ala yon moman, e se yon eksitasyon pou nenpòt kè! Ala yon jibile! Jou swa sa a, tout moun te tèlman nan yon bon atitid, ke ou te ka antre nan restoran an epi manje, epi mache soti epi pa t peye pou sa, li t ap kòrèk. Ou te ka itilize machin lòt nonm

lan, sa t ap kòrèk. Ou te ka mande sa w te vle, e petèt ou t ap jwenn li. Paske poukisa? Viktwa a te ranpòte. Ti mesye yo t ap retounen lakay yo. Tout bagay te fini.

21 E m ap panse, frè m, sa twò domaj ke jan de santiman sa yo pa ka rete tout tan an. Men, pou Kretyen an, maten an, laviktwa ranpòte. Klòch lajwa yo ap sonnen. Lagè a fini, ant Bondye ak lòm. Viktwa a ranpòte.

22 Anvan nenpòt viktwa ka ranpòte, dwe gen gwo pri ki peye. O, ki pri! E pafwa yo trè pwofon, e yo lese gwo mak, dechiran. Men, pou gen mòn lan, nou dwe gen vale a. Anvan nou ka gen reyon solèy la, nou dwe jwenn lapli a. Anvan nou ka gen limyè a, nou dwe gen nwit la. Anvan nou te ka gen byen, yo te dwe gen sa ki mal la, sinon ou pa t ap janm konnen sa mal te ye.

23 Men pou konkeri epi pou ranpòte pi gran batay ki te janm ranpòte a, Youn te soti nan Laglwa, sa fè plizyè lane de sa. E Li pat pran sou Li fòm yon Zanj. Li pa t vini tankou yon gwo moun. Men Li ta pral pwouve ke sa pa pran miskè ak bal, ak bonm atomik, pou genyen yon lagè. Li te abiye Tèt Li ak imilite, tankou yon ti bebe, e li te fèt nan yon krèch. Pa t menm gen yon plas pou nesans Li, lè Li te vini. Mwen vle nou gade diferan materyèl pou lagè, sa Li te itilize.

24 Bon, tout ras Adan an te nan esklavaj. Men yo te la, san espwa, san Bondye, san chans, san mizerikòd, san anyen ki te ka ede yo. Gwo lènmi yo, ki soti nan rejyon enferyè moun ki pèdi yo, te fèmen yo nan fènwa. Pa t gen okenn mwayen pou soti. Pa t gen okenn moun ki te ka ede. Anyen pa t ka fèt. Tout bagay te sanble yon pèt total, konplè.

25 Men Ewo nou an, Ki te desann soti nan pòtay Laglwa yo, te abese L!

26 Paske, pa t gen okenn nonm sou tè a ki te ka fè travay la. Yo tout te, jan yo di nan monn lan, nan menm bato a. Nou tout te, "fèt nan peche, fòme nan inikite, vini nan mond lan ap bay manti." E okenn nan nou pa t ka ede youn lòt. Nou te kanpe enpwisan, defèt, dezòd tout kote, tout dezini. Nou pat ka kenbe lwa yo ak seremoni yo, alòske nou te wè feblès yo e latriye, nou pa t ka fè l. E li te sanble tankou tout ras imen an te ravaje.

27 E alò Li te vini, Li te desann. Paske, "Li te nan kòmansman an," Bib la di, "Li te Pawòl la." Li te Logos la ki te soti nan Bondye. E Logos la, nan kòmansman an, se te Pawòl la. E Li te vin Pawòl la. Alò lè Li te monte nan jou gloriye Pak sa, Li vin non sèlman Pawòl la, men Li vin Gran Prèt la pou Pwòp Pawòl Li. O, ala yon bagay gloriye, Frè Neville! Pou panse Li pa sèlman Pawòl la, men Li se Gran Prèt la pou Pwòp Pawòl Li! Kijan nou te ka doute de sa? Kijan nou ta ka mache al jwenn Li epi pa kwè ke nou resevwa sa nou mande a? Paske, Li se Pawòl la epi Entèsesè Pawòl la! Logòs la te vin Pawòl, e Pawòl la te fèt chè; e menm

chè a ki te Pawòl la, te elve nan Laglwa, e kounye a se Gran Prèt la k ap entèsede, poukont Li, selon Pawòl Li.

28 Se sa sa pran! Sa se materyèl ke Legliz la genyen. Ala yon zam! Pa t janm gen youn tankou Sa. Li te Pawòl la. E lè Li vini, Li te fèt nan yon krèch. Li te vin sèvi ak zam l-a-n-m-o-u an, lanmou, pou konkeri mond lan; pa ak bal lame, pa ak mitrayèt ak tank. Men Li vini nan yon mannyè diferan. Li te vini sou fòm lanmou. Li te lanmou Bondye a.

29 Yon fwa, lè m ti gason, mwen te konn panse ke Kris te renmen m, e Bondye te rayi m; paske Kris te mouri pou mwen, men Bondye te gen yon bagay kont mwen. Men mwen vin dekouvri ke Kris se kè Bondye menm. "Bondye te sitèlman renmen mond lan, ke Li te bay sèl Pitit Li a, pou ke nenpòt moun ki kwè nan Li pa peri, men ke li gen Lavi Etènèl."

30 Bon Li vini, an premye, pou konkeri. E bagay dyab la te mete nan mond lan se te rayisman. E Li te vini pou venk rayisman. Lè nou genyen batay nou yo, e latriye, nan batay mond lan, sa toujou kite, san rete, yon rayisman; paske, jan de batay sa yo soti kot lènmi an. Men Kris vini ak lanmou, pou venk rayisman, pou renmen sa yo ki pa t diy pou yo renmen yo. Li vini ak yon zam diferan. E Li te imilye Tèt Li, "te fèt yon tikras pi ba pase Zanj yo," pou soufri lanmò, epi pou bay yon egzanp. E lè Li te isi a sou tè a, Li te mache nan mitan lòm.

31 Li te pwouve zam lagè Li yo, lè Li te geri malad yo. Lè Li te pran senk ti biswit ak de moso pwason, epi Li te nouri senk mil moun, Li te pwouve ke Li te gen pouvwa sou tout atòm ki te egziste. Non sèlman Li te miltipliye pwason, men Li te miltipliye pwason kwit. Non sèlman Li te pwodui ble nan biskwit sa yo, men Li te pwodui ble kwit nan biskwit sa yo. Sa te montre ke Li te gran Konkeran pwisan sa a! Non sèlman Li te pran dlo a nan pi a, men Li te fè dlo sa vin, tounen diven, sot nan pi a. Li te pwouve Li te gen Pwisans pou konkeri. E Li te renmen, e zam Li se te lanmou. Kounye a remake.

32 Alò lè Li te fè sa, lè Li te kanpe yon jou bò kote tonm Laza a, e te gen yon nonm, ki mouri, epi antere depi kat jou. Menm sila yo ki te la, te di: "Menm kounye a li santi." Nen l te anfonse, vè po yo t ap ranpe nan li. E Jezi te kanpe la, antan ke Konkeran Pwisan an, lè Li te di Mat ak Mari, lè Li te kanpe la: "Èske M pat di w, 'Si w te ka sèlman kwè, ou t ap wè glwa Bondye'?" Li te fèk fin di (lè yo te di: "frè nou an mouri," e latriye), Li di: "Mwen se rezirèksyon an ak Lavi a! Sila ki kwè nan Mwen, menm si l te mouri, poutan l ap viv. E nenpòt moun k ap viv e ki kwè nan Mwen, p ap janm mouri. Èske M pat fèk di nou ke Pwisans Etènèl, beni sa a chita nan Mwen?" Li pa t janm sèlman fè yon deklarasyon, Li te kapab akonpli tout bagay ke Li te di, paske Li te Konkeran Pwisan an.

33 Abite nan Li, rete la, vwale nan yon chè imen, tankou yon nonm, men anndan la pa t abite okenn lòt ke Bondye Toupwisan an, Sila ki gran epi pwisan an. Li te ka rekreye. Li te ka kreye nouvo bagay. Li te ka pale, e sa Li te mande a t ap akòde nan segonn sa a. Men, Li te imilye Tèt Li, Li te rete ba. Li te vle bay yon egzanp. Li te vle pou L bon kalite Konkeran an, e se sa Li te ye. Kounye a, Li te pwouve ke se sa Li te ye.

34 Jan m te di souvan nan reyinyon m yo, petèt sa t ap rann temwayaj maten an, nan gwoup moun sa yo, nan bèl maten Pak sa. Yon dam, ki fè pati de yon legliz ki pa kwè nan aksepte San Seyè Jezi a. "San pa gen San ki koule, pa gen padon peche." Li te di m ke Nonm lan te jis yon pwofèt, yon Nonm mèveye, e mwen te fè L yon Divinite. Mwen di: "Li te Divinite. Li te Bondye."

Li di: "Ou eseye rann Li twò gran."

35 Mwen di: "Pa gen okenn mo ki ka eksprime grandè Li!" Lang imen pa janm jwenn ekspresyon an!

36 M t ap pale ak yon nonm lòt jou a, yon diplomat ki soti Washington, DC, e li te di, nan yon ti temwayaj pandan yon—yon dejene kote nou te reyini ansanm, li te di: "Frè Branham, mwen te yon Literyen tout vi m. Men," li di, "lòt jou a pandan m t ap asiste yon revèy ansyen mòd," li di: "M te mete ajenou devan yon lotèl, e m te vle fè yon eksperyans ak Bondye." Li di: "E pandan m te la sou jenou m. . . " Kounye a, sa se yon diplomat Washington ki te menm sèvi sou Prezidan Coolidge. E lè l te "gade anlè," li di: "Mwen te wè yon vizyon sou Jezi." Li di: "Mwen kapab pale nèf lang diferan, byen alèz." Li di: "Men m pa t ka jwenn yon sèl mo pou m di, nan tout nèf lang sa yo." Li di: "Kifè m jis leve men m, e Li ban m yon nouvo, pou m pale avè l." Li di: "Mwen fèk wè Glwa figi Li."

37 Dam sa di m, li di: "Frè Branham, Jezi pat anyen ke yon nonm, jis yon pwofèt."

Mwen di: "Li te Bondye, sè m."

38 Li di: "Ou fè de Li yon Divinite, men Li pa sa." Alò li di: "Sou wout ki mennen nan tonm Laza a, Bib la di, 'Li te kriye.'"

39 Sèten, Li te kè Bondye menm. Li te soufri tankou nou soufri. Li te chè menm jan nou se chè. Li te genyen, nan kò Li, menm dezi ak bagay ke nou genyen yo. Poutan, pou L vin yon Sakrifis pafè, Li te dwe fè sa. Li te fè sa. Men mwen di. . .

Li di: "Li t ap kriye, pandan L t ap ale bò tonm Laza a."

40 Mwen di: "Men, o, madam, se vre. Li te yon Nonm, lè L t ap kriye. Men lè Li te kanpe la, bò tonm sa a, kote mò yo te kouche an silans, kote yon kò pouri te kouche, kouvri ak yon sèvyèt, lè Li di: 'Retire wòch la,' Li te redrese ti kò Li, epi Li di: 'Laza, soti!' Epi yon nonm ki te mouri, depi kat jou, te kanpe sou pye l."

41 Kisa l te ye? Koripsyon te rekonèt Kreyatè l la. Nanm lan te rekonèt Mèt li. E gran Konkeran pwisan sa a te pwouve la ke Li gen Pwisans sou lanmò, ak lanfè, ak tonm lan.

42 Sèten, sa fè kè nou nan lajwa! Ou pale de bat chodyè, epi sonnen klaksòn? Mond lan ta dwe nan yon jibile maten an, tankou l pa t janm ye, gwo kri ak rèl pèp Li a, paske se jou souvni an ke lè Li te venk dènye lènmi an, epi te libere noumenm prizonye.

43 Wi, Li te yon Nonm. Se vre. Li te pwouve ke Li te yon Nonm, e Li te pwouve ke Li te Bondye.

44 Yon jou swa, lè gwo lanmè, dechennen an, ki te pran plizyè milye vi . . . Petèt kèk nan nou manman yo isi a, maten an, ti gason nou yo te mouri sou lanmè dechennen laba a, yo ka te koule anba vag yo nan chan batay laj mond sa. Kèk nan byenneme nou yo kouche laba a, petèt anba lanmè a.

45 Men yon jou swa lè Li te lonje nan yon ti bato, epi vag yo t ap rebondi sou lanmè a, tankou yon bouchon lyèj, Li te leve, epi te mete pye L sou balistrad bato a, Li te leve je l anlè nan direksyon Syèl la, Li te di: "Lapè." Epi a vag yo, Li te di: "Rete trankil!" Epi lanmè pwisan sa a te vin lis jouk pa t gen yon rid sou li. Sètènman, se sa Li te ye!

46 Se vre ke Li te grangou tankou yon Nonm. Lè Li te desann soti sou mòn nan epi Li te grangou, Li t ap chache yon bagay pou L manje sou yon pyebwa, Li te yon Nonm. Men lè Li te pran senk ti biskwit sa yo ak kèk pwason, epi Li te nouri senk mil moun, Li te plis ke yon Nonm.

47 Lè Li te mouri mil nèf san lane de sa, anvanyè, pandye sou yon kwa, ap rele pou mande pitye: "Bondye M lan, Bondye M lan, poukisa Ou abandone M?" Li te mouri tankou yon Nonm. Men milnèf san e kèk lane de sa, jou maten sa, Li te pwouve sa L te ye! Li te bay dènye so Mesi Li a lè Li te kase chenn lanmò ak lanfè. epi te leve soti nan tonm lan, triyonfan: "Mwen vivan pou tout tan! E, paske M ap viv, n ap viv tou!"

48 Men Konkeran an! W ap pale de rache tabliye epi balanse l? Moun yo di nou fou paske nou rele epi nou kouri, epi nou pouse kri epi nou rele fò. Yo pa janm santi vibrasyon viktwa Syèl la, ke: "Batay la fini!" Gran Konkeran Pwisan nou an te ranpòte tout viktwa! Li kanpe pou kont Li, maten an, entak!

49 Lè L vini sou tè a, yo ba L non ki pi ba yo te ka ba L antan ke *fanatik*, yo te rele L *Bèlzeboul*, "prens demon yo." Se vre. Li te ale nan vil ki pi ba ki genyen sou tè a, Jeriko, e pi piti mesye nan vil la te dwe gade anba pou wè L. Men lè Bondye, milnèf san lane de sa, te resisite L! Se sa lòm te fè L. Men, ak zam lanmou an, Li te venk tout demon.

50 E Bondye te leve L sitèlman wo, e Li ba L yon Non anlè tout non ki nonmen nan Syèl la ak sou tè a. Chak non nan Syèl la

koube devan Non “Jezi”! Chak Zanj, chak monak, tout bagay koube devan Non “Jezi”! Tout lang va konfese Li, tout jenou va flechi devan L. Epi Li te monte tèlman wo, ke Li te menm oblije bese je L pou l te ka wè Syèl yo. Sa se Konkeran Pwisan an! Se Sila ki te fè li! Lè Li te kite tè a, apre, jan nou te wè yèswa, Li te gen kle lanmò ak lanfè pandye nan senti Li, amèn: “Pa pè, Mwen se Sila ki te mouri, e ki vivan ankò pou tout tan. E” (*e* se yon konjonksyon) “Mwen gen kle lanmò ak lanfè, ki pandye *isi a* menm.” W ap pale de yon Konkeran! “E, paske M te konkeri, Mwen te sèlman fè yon gran wout pou w vwayaje.”

51 Syèl la te refize lòm, gran wout yo te fèmen. Pa t gen okenn gran wout. Men, kote ki pat gen gran wout, Li te vini pou fè youn. O la la! Premye kouch la se te demon dout, pwochen an se te prejije, pwochen an se te egoyis; tè sa te kouvri ak kouch pwisans demon; apre sa maladi, epidemi. Men lè Li kòmanse monte anwo nan Syèl! Yè swa nou te wè L ki t ap soti nan lanfè, ak kle lanmò ak lanfè bò kote Li. Maten an n ap mennen L anwo. Alelouya! Lè Li te resisite, Li te . . . Li te triyonfan. E, antan L t ap monte, Li te kraze tout pouvwa dyab ki kenbe lòm. Li te monte Anwo, epi Li te bay lòm don, don Sentespri a. Pwisan Konkeran an! Li kanpe pou kont Li, maten an! Epi, ant Limenm ak chak kwayan, gen ansyen gran wout sentete beni an ke jis la va mache sou li. Pa gen okenn lòt fason pou evite li. Se yon sèl chemen ki trase soti nan Laglwa. Li te kite Anprent Pye San an pandan Li t ap mache nan koridò pwisans demon yo, e L te fè yon gran wout pou nou, travèse ale nèt. Li chita Anwo a, maten an, antan ke Konkeran Pwisan an!

52 Pèp Li ap gen yon jibile. Plizyè dizèn milye ladan yo, toupatou nan monn lan, ap kriye viktwa.

53 Mwen te obsève moun ki fè yo manm ansyen legliz fòmalis frèt sa a. Mwen ka imajine yon moun k ap di . . . M ap montre w dezakò ki gen ladan l.

54 Men, osito Premye Gè a te fini, yon mesaj te transmèt sou wout la isi a, nan yon bis konpayi Greyhound. Yo di: “Poukisa tout bri sa? Kisa k ap pase?”

55 Epi youn nan yo te di: “Gade la, men jounal la. Lagè a fèk sispann.” Epi tout moun t ap kriye epi rele.

56 Men yon fanm te di: “O la la, poukisa sa te dwe fini konsa?” Li di: “Si sa te ka jis dire kèk jou an plis,” li di, “Jan avè m ta viv alèz.” Li di: “Nou te ka fè sa.”

57 Te gen yon nonm ki te kanpe pa dèyè bis la; li te pran fanm sa, epi li te prèske jete l sot nan pòt la. E lè lapolis te arete mesye a, li di: “Rezon ki fè mwen te fè sa,” li di, “fanm sa pa t gen pèsòn lòtbò a ke li te enkyè pou li. Men mwen gen de ti gason lòtbò a.” Li di: “M pa t ka kenbe emosyon m yo.”

58 O, frè! Mwen gen yon papa lòtbò a. Mwen gen byenneme lòtbò a. Se yon bagay pou mwen, lè Jezi te konkeri. Mwen gen

yon madanm. Mwen gen yon bebe. Mwen gen byenneme. Gran Konkeran Pwisan sa a! Ou ka rele m "egzalte" oswa yon "fanatik relijye," kèlkeswa sa w vle. Men, lè m panse ke gwo lagè sa a fini, pri a peye, viktwa a ranpòte. Jezi te resisite nan mitan mò yo, so final fonksyon mesi L la, ke tout sa fini. Li vivan, maten an, ak kle lanmò ak lanfè. Mwen gen byenneme ki sou lòt bò fontyè a laba a. Mwen sou ansyen gran wout sa a, m ap mache monte al wè yo. Pa panse m fou. O, men mwen tèlman kontan ke tout sa regle! Se yon zèv ki fini.

Nan vivan, Li te renmen m; nan mouri, Li te sove m;
Antere, Li te pote peche m yo byen lwen;
Nan resisite, Li jistifye gratis pou tout tan:
Yon jou L ap vini—o, jou glorye!

59 Ansyen batèm beni Sentespri sa a, pou gide nou sou ansyen gran wout mèveye sa, o, ala Li glorye! Kijan m te ka janm wont Li? Mwen kanpe ak Sen Pòl, maten an, ap di sa: "Mwen pa wont Levanjil Jezikri a, paske Li se Pwisans Bondye pou sali." Se Pwisans la sou maladi. Se Pwisans la sou lanmò. Se Pwisans la sou tonm lan.

60 Lè vye apot serye sa te rive nan fen wout li, epi yo te fouye tonm li laba a, epi lanmò t ap fè fas a li nan figi l, li te ri dwat nan fas li. Li di: "Lanmò, kote pikan w lan? Tonm, kote viktwa w la?" Apre sa li te rele byen fò louwanj Bondye yo: "Men mèsi pou Bondye Ki ban nou viktwa a atravè Seyè Jezikri nou an!"

61 Konkeran ki pi pwisan ki te janm viv la, Konkeran ki pi pwisan ki te janm mouri a, paske Li te Sila a sèl ki te ka konkeri; mouri, epi konkeri lanmò limenm, epi resisite ankò nan triyonf! Li te pwouve sa Li te ye. Se te dènye so fonksyon mesi L la.

62 Epi kounye a, pa aza, si ta gen yon moun nan bilding sa maten an, ki se yon manm legliz tyèd, e ki pa konnen lajwa pou batay la ki fini an. Moun yo rele, moun yo rejwi, moun yo kriye! Ou di: "Ki pwoblèm yo genyen?" Yo konnen se yon bagay ki fini. Tout bagay fini! Sèten! N ap bat enstriman mizik yo. [Frè Branham bat men l yo—Editè a.] N ap sonnen twonpèt yo byen fò, e Levanjil la ap pwoklame. Yo rekonèt glwa ak Pwisans Bondye. E se yon zèv ki fini, trete a siyen; glwa pou Bondye, Kris te siyen l ak Pwòp San Li! Batay la fini. Viktwa a ranpòte. Mwen pa t janm genyen l; Li te genyen l! Mwen jis kontan pou sa. O la la!

63 Lè kèk nan ti mesye sa yo ki t ap retounen soti lòt bò dlo, yo di m, lè bato a rive New York, jis pandan l te antre nan pò a, yo te gade lòtbò la a epi yo te wè Estati Libète a. Se premye bagay ou wè, ki kanpe dwat. Yo te leve, kèk nan veteran enfim yo fè yo soti sou pon bato a, pou yo te ka wè l. E lè yo kòmanse wè Estati Libète sa, yo kòmanse kriye. Yo te kriye. Yo pa t ka anpeche sa. Yon gwo gwo nonm te kanpe la, yon gwo nonm ak men rèd, ap fremi epi ap tranble. Yo pa t ka kenbe emosyon yo. Poukisa? Se te

yon anblèm libète. Jis dèyè Estati Libète sa, te genyen . . . te gen papa, manman, byenneme yo, cheri, madanm, bebe, tout moun sou tè sa a ki te chè pou yo, te rete jis dèyè l. E jis anvan yo te mache antre, yo te rekonèt, se te peyi moun lib yo epi kay moun brav yo. Sèten, sa t ap sekwe emosyon nou, vye drapo sa k ap flote a. Panse a sa, yon veteran ak mak batay k ap vini nan pò a! Sètènman, se te yon moman mèveye.

64 Men, o, frè, youn nan jou maten sa yo, lè vye Bato Siyon an va sonnen sirèn li, epi mwen va wè anblèm sa ki kanpe la, vye Kwa wobis la! Pandan van yo ap soufle vye bandwòl gri l yo, pandan l ap avanse nan bwouya lanmò a. Ala yon viktwa sa ye! Enben, se pa etonan nou pa ka kenbe emosyon nou trankil! Yon bagay rive; nou vin konsitwayen. Bagay la konplè.

65 Lè yo te konstwi gwo pon an ant Nò ak—ak—ak—ak Sid Ostrali, soti Sydney, ale nan Sid Sydney. Kijan chak nonm te pran . . . Franchman, yo te ale nan tout peyi a, pou eseye jwenn yon nonm pou fè l. Travay sa te tèlman gran, paske yo te di pèsonn pa t ap fè l. Finalman, yon nonm ki sot Angletè te di: "M ap fè travay la." E lè l te desann la pou fè travay sa, li te teste chak boulon ki te ale nan pon an. Repitasyon li te an danje. Li te teste tout labou a ak tout bagay ki te desann. Li te ale nan viwonn lan, e sa k pi bon ke l te ka jwenn; li te jwenn pi bon mekanisyen yo menm, pi bon chimis yo menm, pi bon nan tout bagay menm li te ka jwenn, bò kote l. Epi, finalman, lè pon an te fini, epi jou a rive kote li dwe teste.

66 Kritik yo te kanpe sou yon bò, e yo te di: "Sa p ap kenbe. Li pral tonbe. Anba a gen twòp sab."

67 Men li te fouye desann ale nèt, nèt, nèt, nèt. Li te gen konfyans. Li te konnen ke tout bagay te teste. Epi li di: "M ap fè premye vwayaj travèse a, mwenmenm." Epi pandan l te mache travèse pon an, devan majistra a, ki te dèyè a konsa; epi gwo tren yo, apeprè sis aliyen youn sou kote lòt, ap travèse, ap sekwe pon sa. Gran mesye ki te fè l la, te mache devan pwosesyon sa, konsa, "Si l tonbe, mwen avè l." Men li te gen konfyans.

68 Se fason sa Seyè beni nou an te fè lè Li te fè Legliz Li a! Li teste chak boulon, tout bagay ki antre ladan Li, paske Sa dwe lave ak San! Epi youn nan kritik yo te kanpe sou kote a, li di: "Bann egzalte sa yo, yo p ap rive fè l." Men youn nan jou glorye sa yo! Gran Konkeran Pwisan sa a mache devan nou jodi a, triyonfan! Kite l vibre, fè sa l vle, L ap . . . P ap gen yon sèl erè ladan l, okenn kote, paske Li te prepare chimen an, e Li te konplete l. Sèten!

69 Jodi a se lòt moun ki dikte panse nou, lespri nou fikse sou bagay mond lan. Men kite m di w yon bagay, frè, pa janm kite m wont Levanjil la! O, frè, mwen se jis yon ansyen mòd, ki ne de nouvo, ki ne de Sentespri a, de Lespri Bondye. M te fèt konsa, se tout sa m ye, e tout sa m te janm vle ye.

70 Yon fwa, sa pa fè lontan, te gen yon tifi ki te pati al nan inivèsite. E li te yon bèl, ti fi. E lè l te retounen lakay, li te pote kèk nan lide inivèsite l yo avè l.

71 Epi petèt maten an, kèk nan nou te gen kèk nan opinyon nou yo ki soti deyò. Petèt ou te pote anpil nan opinyon ou yo, nan legliz la. Ebyen, debarase w de yo; se pi bon bagay mwen konnen pou w fè.

72 Alò ti fi sa a, lè tren an te kanpe nan estasyon an, Li te mennen yon jèn fi avè l, youn nan ti fi degoudi sa yo, ou konnen, tip Elvis Presley yo. E lè li te kanpe la, ou konnen, nan estasyon tren an, manman l te deyò a, yon vye madanm granmoun te kanpe la, kouvri ak mak, nan figi l; ti zepòl li yo te koube; ti rad kaliko li sou li, yon ti chal sou zepòl li. E ti degoudi sa ki te avè l, lòt tifi sa a, te bese je l gade, epi li di: "Ebyen, kimoun vye malerèz mizerab, lèd sa a ye?"

73 Ebyen, ou konnen, sa te sitèlman jennen tifi a, li di: "M pa konnen," paske li te jis tèlman rijid, e li te tèlman gen anpil lide monden nan tèt li. E se te pwòp manman l.

74 Lè l te desann tren an, vye ti manman an te kouri, pou pran l nan bra l. Li di: "O, cheri, ke Bondye beni ti kè w." Epi li te vire do l epi l te kòmanse ap elwaye tèt li, kòm si li pa t konnen l. Li te jennen, paske manman l te tèlman lèd.

75 E sa te rive ke, chofè a nan tren sa a, te konn istwa a. Li te avanse la a, epi li te mete men l sou zepòl tifi sa, li te fè l tounen devan oditwa a, li di: "Wont pou ou! Wont pou ou!" Li di: "Mwen wè epòk ke manman w te dis fwa pi bèl ke w ye a." Li di: "Li te . . . M te abite nan katye a." Epi li di: "Ou te yon ti bebe, e ou te anwo a nan bèso w. E manman w t ap pandye rad nan lakou dèyè a." Epi li di: "Toudenkou, aparèy chofaj la te pran difè, e tout kay la t ap flanbe. E lè ti manman w te kouri, epi li te konnen ke ou te anlè a, anwo la." Li di: "Yo te rele, e yo te eseye sezi l. Men li te rache retire sa l te genyen an, epi l te kouri nan flanm difè sa yo, anwo nan etaj la; epi li te retire rad li sou kò l, epi li te vlope w ladan l. Epi men li vini, tounen travèse flanm difè yo, ap pote w. Epi li te endispoze, nan lakou a, avè w nan bra l." Epi li di: "Li te pran sa ki t ap pwoteje li, epi l te pwoteje w." Epi li di: "Rezon ki fè ou bèl jodi a, se pou rezon sa li lèd. Epi, ou vle di m, ou t ap wont mak sa yo sou manman w?"

Mwen panse jodi a:

Si Jezi pote kwa a pou kont Li,
Epi tout mond lan ale lib?
Gen yon kwa pou tout moun,
E gen yon kwa pou mwen.

76 Si Jezi te konsidere kòm "Bèlzeboul," pa mond sa a, yo te pase L nan rizib epi yo te moke yo de Li, epi Li te pandye sou yon kwa, yo te fè L yon wont pou mwen, mwen plis ke kontan pou m pote opwòb sentete Li. Wi, mesye. Rele: "Egzalte!" kèlkeswa sa w vle

rele a, kèlkeswa remak ou vle fè a. Sa pa anpeche anpeche anyen ditou. Mwen sèlman kontan, maten an, ke, nan kè m, Kris resisite a ap viv epi reye. Mwen se youn nan sijè L yo. Mwen espere ke se sa ou ye, tou.

77 Tan nou fini kounye a. Li egzakteman sètè, lè nou te di nou ta pral lage a. Sèvis apre yo pral kòmanse nan apeprè de zèdtan, kounye a, a nevè trant.

Annou koube tèt nou, jis yon moman, nan lapriyè.

78 Papa beni ki nan Syèl la, karant senk minit pase, Pawòl la pwoklame. Kè nou kontan. Jibile a kòmanse; pa jis yon jibile pou yon jou, men yon jibile pou Letènite! Nan Laglwa, Zanj yo ap chante. O Bondye, Legliz la, triyonfan, ap chante. Klòch lajwa yo ap sonnen. Nanm ki te kondane amò yon fwa, epi pou mouri epi ale nan tonm dyab la, dyab la te venki! Lanmò te venki. Tonm lan te venki. Maladi te venki. Sipèstisyon te venki. Malis te venki. Rayisman te venki. Endiferans te venki. Fòmalis te venki. Lògèy te venki. Tout bagay venki. Kris se gran Konkeran an!

Gade! Men Konkeran Pwisan an, (powèt la te di)
Gade! Gade L byen klè,
Paske Li se Konkeran Pwisan an,
Depi Li te dechire vwal la an de.

79 Li te dechire vwal sa ki te kache lòm pou l pa wè Bondye, e kounye a Bondye abite nan mitan lòm. Li te dechire vwal sa ki te anpeche gen gerizon Bondye a. Li te dechire vwal sa ki te anpeche gen benediksyon Bondye a. Li te dechire vwal sa ki te anpeche gen lajwa Bondye a. Li te dechire vwal sa ki te anpeche gen lapè Bondye a. Kounye a vwal la dechire an de. Avèk Pwòp San Li, Li te mache tankou yon Konkeran! Batay la fini, Li te pwouve nou sa nan rezirèksyon Li. E kounye a Sentespri a se yon temwen, ki voye pou gide nou.

80 O Bondye Etènèl, si gen yon moun isi a maten an, ki te jis trennen la, antre epi soti, sot nan gran wout la, ap tonbe sou bò wout la, pat janm ka mache dwat nan mitan an, ak gran ewo yo, gran ewo ki te mache nan mitan gran wout la, nou priye, maten an, ke yo va soumèt tout yomenm ba Ou, epi soti epi jwi gran viktwa sa ke Seyè resisite nou an te ranpòte a. Akòde l, Papa, paske nou mande l nan Non Kris.

81 E pandan nou gen tèt nou bese. M mande m, nan moman tan sa a, ke si w ta vle leve men w bay Kris, epi di: “Kris, mwen apresye, mwen p ap janm wont Ou ankò. Mwen te jis on ti jan timid.” Bondye beni w, madam. Bondye beni w, mesye. Bondye beni w, ou menm. O la la, men yo ap leve toupatou! “Mwen te on ti jan timid. M te on jan wont. E mwen vrèman wè pozisyon m kounye a. Mwen pa ta dwe janm fè sa. Mwen dwe pran pozisyon ouvètman, bay temwayaj mwen! Se egzakteman konsa mwen dwe ye. Mwen ta dwe di tout moun, ‘Mwen ne de nouvo.’ Mwen

ta dwe di tout moun, 'Mwen te resevwa Sentespri a.' Mwen pa wont Levanjil la, paske Se Pwisans Bondye pou sali. Mwen vle pou m yon Kretyen reyèl ki gen kouraj. Se pa sa m te ye. Men, avèk èd Bondye, apati de maten Pak sa, se sa m pral ye. Se sa m ap ye." Yon lòt moun leve men w kounye a anvan nou priye? Bondye beni w, ou menm, ou menm.

82 O la la, gade desizyon yo! Omwen vennsenk oswa trant, ki chita nan mitan ti gwoup moun sa yo maten an, te pran yon desizyon. Apati de gran maten triyonfan sa a, yo pral, ak gras Bondye, kanpe apa fèm epi pa wont Levanjil la, paske Se Pwisans Bondye pou sali.

83 O Bondye, antan men sa yo te leve anlè, e mizik la ap rezone dousman sou wout la, antan nou te pase de lanmò a Lavi, paske Ou di: "Sila ki tande Pawòl Mwen yo, e ki kwè nan Sila ki te voye M lan, gen Lavi ki p ap janm fini an." Yo te pase de lanmò a Lavi, paske Ou te vin lanmò pou yo te ka vin Lavi, atravè rezirèksyon Ou. Ou te fèt pi ba pase Zanj yo, te desann pou vin yon nonm, te soti nan gran Teyofani sa a ki soti Laba a, ki te fèt chè e ki te gen San, e ki te vèse San sa, pou Ou te ka fè yon mwayen pou chape pou nou tout. Alò non sèlman Ou te fè l, (nou li l nan Bib la), men Ou te pwouve l, san fay, nan resisite pami mò yo, epi nan resisite mò yo lè Ou te isi a sou tè a; non sèlman sa, men Ou te fè, Ou te fè l yon doub prèv, jan Ou te fè pou Abraham; kounye a, anplis de sa, Ou te voye Sentespri a tounen kòm yon temwen. E nou gen Prezans beni Li avèk nou, epi nan nou, k ap gide nou, ap kondwi nou nan tout Verite ak Limyè.

84 Nou di W mèsi pou anpil men sa yo ki te leve, maten an, pou di: "Kounye a mwen pran Kris kòm pa m." O Bondye, si yo pa t janm batize nan dlo a, pou reprezante gran lanmò, antèman, ak rezirèksyon Seyè beni yo, ke yo retounen nan sèvis la maten an, ap pote rad yo, epi pare pou desann nan pisin glase sa a. Akòde l, Papa.

85 Beni nou. Padonnen peche nou yo. N ap ba Ou lwanj, atravè aj k ap vini yo. Lè batay la fini nèt, lè lafimen an fin disipe nèt, epi n ap fin eksprime tout lajwa a, ak bouch sa yo sou latè, kote n ap fè lwanj Ou ak tout sa nou genyen, nou pral dwe gen nouvo vwa, nouvo èt, pou louwe W avè yo. Ke nou antre lè sa ak lajwa. Paske nou mande l nan Non Kris. Amèn!

86 Annou leve kanpe sou pye nou kounye a . . . ? . . . Pa bliye sèvis yo, nevè trant. Al lakay nou, pran dejene nou. Retounen, n ap tann pou n avè nou la. Epi aswè a, sonje. Mwen dwe elwaye m apre midi a, pou m etidye epi priye.

87 Paske mwen di nou, ke, Kris vivan, Li pa mouri. E mwen kwè, ak tout kè m, Li pral nan bilding sa menm aswè a, pou montre ke Li vivan, pou fè menm bagay ke Li te fè yo nan premye maten Pak sa a epi atravè vwayaj lavi Li. Si se pa konsa, alò mwen te yon fo pwofèt. Mwen sitèlman kontan pou m konnen ke nan gran

moman fènwa sa ke n ap viv kounye a, lè tout espwa, sanble, disparèt; Kris, Wòch solid kote nou ka kanpe a, tout lòt teren yo se sab k ap koule. Dakò.

88 Ti chante nou an, lè n ap separe: *Pran Non Jezi Avèk Ou*. Tout moun, ansanm kounye a.

Pran Non Jezi avèk ou,
Timoun lapenn ak malè;
Se pral lajwa epi . . .

89 Vire tounen, epi bay lanmen, epi di: "Lwanj pou Seyè a," a yon moun bò kote w. (Ebyen, se pou Seyè a beni . . . ? . . .)

Espwa tè a ak lajwa nan Syèl;
Non presye, O ala dous!
Espwa tè a ak lajwa nan Syèl.

90 Kounye a ke tout moun gade nan direksyon sa. Ann jis louwe Li. Ann jis leve men nou anlè, epi di: "Mèsi, Seyè, paske Ou sove nanm mwen." Dakò, tout moun!

Mèsi, Seyè, paske W sove nanm mwen,
Mèsi, Seyè, paske W geri mwen;
Mèsi, Seyè, paske Ou ban mwen,
Gran sali Ou tèlman konplè epi gratis.

91 Ala yon bagay beni! Èske nou renmen L? Di: "Amèn." O, lan . . . Tout bagay acheve kounye a, timoun yo. Tout bagay fini, pa gen batay ankò, pa gen lagè ankò, nou pa gen anyen pou fè; sa deja fèt. Nou jis ap rejwi! O la la! Nou konplè, nan Li!

. . . apiye,
Abrite an sekirite kont tout danje;
Apiye, apiye,
Apiye sou bra etènèl yo.

O, ala dous pou mache nan chemen pèlren sa a,
Apiye sou bra etènèl yo;
O, ala chemen an vin pi klere de jou an jou,
Apiye sou bra etènèl yo.

Apiye, apiye,
Abrite an sekirite kont tout danje;
Apiye, apiye,
Apiye sou bra etènèl yo.

Ou menm ki kapab, epi ou gen yon mouchwa, retire l.

. . . o, apiye,
Abrite an sekirite kont tout danje;
Apiye, apiye,
Apiye sou bra etènèl yo.

Kounye a Bib nou!

Apiye, apiye,
Abrite an sekirite kont tout danje;
Apiye, apiye,

Apiye sou bra etènèl yo.

92 Kisa sa ye? Abrite epi an sekirite, tout bagay fini, tout bagay acheve, batay la fini, dènye so a brize, Li monte. Alelouya!

Apiye, apiye,
Abrite an sekirite kont tout danje;
Apiye, apiye,
Apiye sou bra etènèl yo.

93 Kounye a ann koube tèt nou nan direksyon pousyè kote Bondye te pran nou an, kote yon jou nou va monte soti nan pousyè tè a. Paske, Seyè nou an, ki soti nan pousyè a, te ale nan pousyè a, pou ban nou Lespri imòtèl Li a, Li te monte sot nan pousyè a, e tout sa yo ki nan Li, va monte avèk Li yon jou, nan rejyon sa ki beni yo.

94 Pandan nou gen tèt nou bese, mwen wè Frè Smith nan mitan nou, maten an, pastè Legliz de Dye a; li te rele m yè swa. Frè Smith, èske w ta vle jis avanse. Mwen mande m kounye a, si Frè Smith vle ranvwaye nou nan yon mo priyè. Antan n ap prese al lakay nou, epi pran dejene nou. Retounen pou sèvis Lekòl dimanch lan, ak sèvis batèm lan, k ap kòmanse imedyatman a nevè edmi. Èske nou vle koube tèt nou, pandan Frè Smith ap voye nou ale nan lapriyè.

57-0421s Gran Konkeran Pwisan An
Branham Tabènak
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org